

Nim. 202.81

DEKRÈ EGZEKITIF

Kontinite Sispanyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo Ki gen rapò ak ijans nan sitiyasyon katastwòf la

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

LÈ NOU KONSIDERE, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

KOUNYE A, KIDONK, MWEN, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York, konfòmman ak otorite Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) ban mwen pou sispann oswa modifye pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas ak ijans katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas ak katastwòf sa a, oswa pou bay kèlkeswa direktiv ki nesèsè pou reyaji fas ak katastwòf la, avèk dokiman sa a, ap kontinye sispanyon ak modifikasyon nan lwa, ak kèlkeswa direktiv ki pa ranplase ak yon direktiv annapre, ki fè pati Dekrè Egzekitif 202.22 rive nan jiska 202.26, ak 202.32, 202.33, 202.34, 202.35, 202.44, 202.45, 202.53, 202.57, 202.64, ak 202.69, jan yo kontinye ak fè pati Dekrè Egzekitif 202.75 ak Dekrè Egzekitif 202.74, pou yon lòt trant jou jiska 10 janvyè 2021 epi avèk dokiman sa a mwen sispann oswa modifye pwovizwaman sa ki annapre yo apati de dat Dekrè Egzekitif sa a jiska 10 janvyè 2021:

- Seksyon 221-a nan Lwa sou Kous, Paryaj ak Elvaj la (Racing, Pari-mutuel Wagering and Breeding Law) nan mezi sa nesèsè pou otorize Komisyon sou Jwèt Aza a (Gaming Commission) etabli pa òdonans dijans nòm redui pou makiyon yo kapab kalifye pou asirans maladi poutèt anilasyon dat kous yo akòz lòd fèmti gouvènman an bay yo;
- Seksyon 2018-a ak 2018-b ak paragaf s nan sibvizyon 2 nan seksyon 1951 nan Lwa sou Edikasyon an (Education Law) nan mezi sa nesèsè pou ajoute posibilite trape viris ki bay COVID-19 la kòm maladi nan objektif mande resevwa bilten vòt pou vote pa lapòs;

ANPLIS DE SA, konfòmman ak otorite lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou pibliye nenpòt enstriksyon pandan yon eta ijans nan sitiyasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap modifye ak kontinye enstriksyon nou pral site la yo pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 10 janvyè 2021:

- Direktiv ki genyen nan Dekrè Egzekitif 202.48, ki te modifye direktiv ki nan Dekrè Egzekitif 202.28, jan li kontinye nan Dekrè Egzekitif 202.75 ki te entèdi kòmmanse yon aksyon oswa aplikasyon degèpisman nenpòt lokatè komèsyal poutèt yo pa peye lwaye, oswa sezi nenpòt prè ipotekè poutèt yo pa peye, kontinye ak dokiman sa a pou rive jiska dat 31 janvyè 2021.
- Direktiv ki genyen nan Dekrè Egzekitif 202.30 jan li kontinye nan Dekrè Egzekitif 202.79 modifye avèk dokiman sa a pou otorize yon lopital jeneral dapre atik 28 la pou li egzeyate yon pasyan ki pa resevwa rezilta negatif pou yon tès COVID-19, a kondisyon pasyan sa a pase peryòd kote li kontajye a jan

règleman sou kontwòl sant maladi yo egzije pou yo mezire l, sèlman pou ale nan yon etablisman pou moun ki gen tès COVID pozitif sèlman si etablisman sa a toudabò sètifye li kapab okipe pasyan sa a kòmsadwa.

- Direktiv ki genyen nan Dekrè Egzekitif 202.61 jan li kontinye nan Dekrè Egzekitif 202.79 modifiye avèk dokiman sa a pou sispann otorizasyon an pou manje andedan nan restoran ki nan Vil New York apati de lendi 14 desanm 2020.
- Direktiv ki genyen nan Dekrè Egzekitif 202.68 ki egzije pou Depatman Sante a (Department of Health) detèmine zòn nan Eta a ki bezwen plis restriksyon sante piblik baze sou gwoupman ka COVID-19, yo modifiye avèk dokiman sa a pou prevwa ke, apati de 14 desanm 2020, sal ak sant espò yo ki chita yo nan zòn jeyografik Depatman Sante a deziyen kòm "zòn jòn abriko" gen dwa kontinye fonksyone apati de 14 desanm 2020 ak 25% kapasite yo a kondisyon yo respekte yon fason estrik rekòmandasyon Depatman Sante a. Kwafè, salon kwafi, sant masaj, salon tatou ak pèsaj, teknisyen nan poze zong ak salon maniki ak pediki, kosmetològ, estetisyen, epilasyon ak lazè ak elektwoliz, ak tout lòt sèvis swen ijyèn pèsònèl ki chita nan zòn jeyografik Depatman Sante a deziyen kòm "zòn jòn abriko" gen dwa fonksyone, apati de 14 desanm 2020, a kondisyon yo respekte yon fason estrik rekòmandasyon Depatman Sante a, depi anplwaye k ap fè sèvis sa yo dirèkteman sou, oswa bay, kliyan yo fè tès dyagnostik COVID-19 chak semèn pandan tout tan biznis la rete andedan yon "zòn jòn abriko", epi pa gen ankenn anplwaye ki bay ankenn nan sèvis sa yo nan yon biznis ki re-ouvè san li pa toudabò resevwa rezilta tès COVID-19 negatif nan 7 jou ki vin anvan li bay sèvis sa a.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan onzyèm jou mwa desanm nan
ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a